Samsoni Anopiwa Simba Nemudzimu Mutsvene

VATONGI ZVITSAUKO 13-16

RIMWE ZUVA, NGIROZI YAMWARI YAKAENDA KUNA **MANOA** NEMUDZIMAI WAKE. NGIROZI YACHO YAKAVAUDZA KUTI VAIZOVA NEMWANA MUKOMANA AIZONZI **SAMSONI,** UYE VAKAUDZWA **ZVAVAIFANIRA KUITA PAKUMUCHENGETA.**

SAMSONI AIZOVA **MUNAZIRI.**

KANA SAMSONI AIZOREGA KUGERA **MUSORO** WAKE, **MUDZIMU MUTSVENE** WAJEHOVHA WAIZOMUBATSIRA KUTI **AKWANISE KUITA ZVINHU ZVINOSHAMISA** UYE KURWISA VAVENGI VAMWARI **VECHIFIRISTIYA.**

VERENGA VATONGI 14:5, 6.

VERENGA VATONGI 15:13, 14.

VERENGA VATONGI 15:15.

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

VERENGA VATONGI 16:3.

SAMSONI PAAIRAMBA ACHIKUNDA VAFIRISTIYA, VAIBVA VATOWEDZERA HASHA. VAKABVA VARONGA KUTI VANGAITA SEI KUTI **VAMUKUNDE.**

SAMSONI **HATIFI TAKAMUKUNDA!**

CHIMBOMIRAI . . . PANE ZVIMWE **ZVANDAFUNGA** . . .

SAMSONI AIDA MUMWE MUKADZI AINZI **DHERIRA,** SAKA VAFIRISTIYA VAKARONGA KUPA DHERIRA MARI KUTI **ANYENGETEDZE** SAMSONI KUTI **AMUUDZE KWAIBVA SIMBA RAKE.**

NHAI SAMSONI, **SIMBA** RAKO RINOBVEPI**?**

UNORAMBA UCHINGONDINYEPERA. **NDIUDZE KANI** KUTI SIMBA RAKO RINOMBOBVA KUPI?

HAUNDIDI IWE, **DAI WAINDIDA** UNGADAI WAKANDIUDZA.

RINOBVA . . . **MUBVUDZI RANGU.**

HARISATI **RAMBOGERWA.**

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

DHERIRA AKABVA ARONGA KUTI VAFIRISTIYA **VAMUBATE.**

SAMSONI PAAKABATWA NEHOPE, MUMWE MURUME **AKAGERA BVUDZI RAKE.** VAFIRISTIYA VAKABVA VAMUTUSHURA MAZISO NDOKUENDA NAYE **KUGAZA.**

PAAKANGA AVA MUJERI, **AKADEMBA** ZVAAKANGA AITA.

DAI NDISINA **KUMUUDZA** KUNOBVA SIMBA RANGU.

JEHOVHA, **NDIREGEREREIWO.** NDINE UROMBO.

VAFIRISTIYA VAKAITA **MUTAMBO** MUKURU **WEKUKUDZA MWARI WAVO,** DHAGONI. VAKABUDISA SAMSONI KUTI VAMUSVEREREDZE.

SAMSONI, **IYE ZVINO** AVA NESIMBA NDIANI?

DHAGONI ANE SIMBA KUDARIKA **MWARI WASAMSONI!**

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

VAFIRISTIYA VAKARAMBA **VACHITUKA** SAMSONI NAJEHOVHA. ASI **BVUDZI** RASAMSONI **RAKANGA RAKURAZVE** . . .

CHANGAMIRE ISHE JEHOVHA, **NDIYEUKEIWO, NDIPEIWO SIMBA,** KAMWE CHETE HAKO.

AKABATA ***MAPILLAR*** AKANGA AKATSIGIRA IMBA **NDOKUASUNDIDZIRA** ZVINE SIMBA.

JEHOVHA AKAMUPA **MUDZIMU MUTSVENE,** KUTI AVEZVE **NESIMBA.**

SAMSONI AKABVA **APARADZA** VAFIRISTIYA VAKAWANDA VAKANGA VAVA NENGUVA VACHIITIRA VAISRAERI UTSINYE.

TINODZIDZEI MUNYAYA IYI?

CHII **CHAKAPA** SAMSONI SIMBA RAAIVA NARO?

ZVINGANGOKUBATSIRA: VATONGI 13:25.

SAMSONI AKAITEI KUTI **AVEZVE** NESIMBA?

ZVINGANGOKUBATSIRA: VATONGI 16:28.

UNGAWANA SEI MUDZIMU MUTSVENE WAMWARI?

ZVINGANGOKUBATSIRA: RUKA 11:13.

www.jw.org © 2015 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania